# И.ЮСУПОВТЫҢ «АКТРИСАНЫҢ ЫҒБАЛЫ» ПОЭМАСЫНДА СИМВОЛ ҲӘМ МЕТАФОРАНЫҢ ПОЭТИКАЛЫҚ ХЫЗМЕТИ

**Daniyarova G.P.**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

И.Юсуповтың поэма тараўындағы дәслепки қәдеми эпикалық поэмалардан басланған болса, соңынан лиро-эпикалық, лиро-драмалық поэмалары избе-из дөретиле баслады. Мәселен, шайырдың 1960-жылы басылып шыққан «Ойлар» топламына «Актрисаның ығбалы» (1956-58) лиро-драмалық поэмасы киргизилген болып, бул поэмада да шайырдың излениўшеңлиги, поэтикалық толғаныслары, терең лиризм ҳәм драматизм менен сүўретленеди. Поэма эпикалық шығармаларға тән кең ҳәм бай мазмунлы сюжетке, усы сюжетке сай кең көлемли композицияға, ўақыяларды сүўретлеўдиң кең қатламлы, көп жобалы усылларына ийе.

Профессор С.Ахметов поэмадағы усындай сыпатлардың басымлылығын, яғный, қаҳарманлардың кеўил кеширмелериниң лирикалық бояўлар менен берилиўи ҳәм оның қурылысының сценалық үлгиде екенлигин есапқа алып, «Актрисаның ығбалы»н лиро-драма [1.313], – деп атайды. Улыўма, бул поэмада шайыр қарақалпақ поэзиясы майданында бурыннан қәлиплеспеген драмалық сыпатты, бурыннан өмир сүрип киятырған лирикалық ҳәм эпикалық белгилер менен беккем синтезлейди. Улыўма, бул поэма тек формалық жаңалығы емес, сахна ийелериниң образының шебер жасалыўы жағынанда 50-жыллар қарақалпақ поэмашылығының ең ири табысларының бири болды.

Енди тиккелей поэмада қолланылған символ ҳәм метафоралардың анализине өтсек. Соны да айтып өтиў лазым, бул поэма бойынша тилши илимпаз Е.Бердимуратов «Әдебий тилдиң функциональлық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы» деген китабында И.Юсуповтың метафора дөретиў шеберлигин жоқары баҳалайды. Соның менен бирге И.Юсуповтың «Актрисаның ығбалы» поэмасында пайдаланылған метафораларды биримлеп ажыратып шыққанлығын көремиз. Е.Бердимуратов «Қызыл есикти» айрықша айтып өтип оны метонимия екенлигин билдиреди. Мысалы:

Аш қызыл есикти бас аяқты бас,
Бахтын қарсы алыўы керек ҳәр адам.

«Бул жердеги қызыл есик жазыўшы тәрепинен дөретилген жеке стильлик метонимиялық бирлик» [2.129], – деп атап, оның жаңа советлик турмысты деген мәнисти аңлатып тур. Бул метонимиялық мәни тәсирлигин есик деген сөзлер менен қайта аталған атамаға жүкленген қосымша мәни өзиншелигинде екенлигин айтып өтеди. Бул жерде көрсетилген «қызыл есик» символикалық мәниге ийе болып, Арыўханның өмиринде жүз берип атырған өзгерислерди аңлатады. Соның менен бирге, әдебиятта қызыл рең күшли эмоцияның да белгиси, және де, муҳаббат ҳәм қәўипти де билдиреди. Контекстте қолланылған қызыл рең ҳәр қыйлы мәнисти аңлатады. Қызыл есик алғыс ҳәм табысқа қойылған қәдем, соның менен бирге актрисаның өзиниң кәсибине болған шексиз муҳаббатты да аңлатқан. Усы жолда оған ушыраған ҳәм ушыраўы мүмкин болған қыйыншылықлар менен де сыпатланады. Және де өмирдиң жаңа басқышына өтиў сыяқлы мәнилерди өзинде жәмлеген.

Улыўма метонимия сыпатында қолланылған қапы тек ғана әпиўайы предмет яки объектке қарағанда өзинде терең мәни сақлаған. Бул поэмада тереңирек символикалық байланысларды жүзеге келтиреди. Поэмада өткен XX әсирдиң 20-жыллар ўақыялары сүўретленеди. Егер қызыл реңди сол дәўирдиң көз-қарасынан анализлеп қарасақ, ол өткендеги большевизм, революция ҳәм коммунизмниң мәнисин билдиреди. Қызыл қапы коммунистлик идеология, революциялық идеяларға болған ҳәрекет, соның менен бирге жәмийеттиң таза тәртибин де аңлатады. Бул поэманың қаҳарманы актрисаның өз дәўириниң қәдириятлары менен бирге екенлиги ҳәм өзин жаңа дүзимниң реаллығындағы орнын белгилеўге болған ҳәрекет деп те атаўымыз мүмкин.

Және де, жеке адамның жетискенлиги жәмийеттиң мәпине ҳәм идеологиясына хызмет етиўи, яғный, коллективлик жәмийеттиң де символы сыпатында сәўлеленеди. Соның менен қатар қызыл рең таза эраның басланыўын, яғный театр өнериндеги радикал өзгерислерди де көрсетеди. Еле де жеке планда алып қарасақ, қызыл есик актрисаның табысы жолындағы батырлығы ҳәм тез қарар қабыл ете алыўы, оның әтирапындағы жүз берип атырған жағдайларға қарамастан ҳәрекет ете алыўы. Ал, енди бул жағдайларды миллий өзгешеликлер менен талқылап қарасақ, символикалық мәниниң еле де тереңлескенлигиниң гүўасы боламыз. Сол дәўир көзқарасынан алып қарасақ, қыз балалардың актриса болыўының өзине дурыс көз қараста болмаған. Бул ҳәрекетлер динимизде қоллап қуўатланбаған. Мине, бул пүткил социаллық қатламға қарсы шығыў менен белгиленеди. Соның ушын да автор бул қарсылықларды биресе көп қатынлы бай, биресе

мал орнына сатқан әке, биресе молла образлары арқалы көрсетпекши болады. Мине, бул қарсылықларға қарамастан, Арыўхан өз нийетине жетеди. Мейли, жәмийет не десе десин, себеби, ол оннан алдынғы тоқал болып жүргенинде көрген өмирине салыстыра алды ҳәм қарар да қабыл етти. Өзи унатқан теңин де таңлай алды. Улыўма шығарманың да идеясы сол еди. Автор сөз етип отырған дәўирде усындай қыйыншылыққа ушыраған ҳаял-қызлар, мине, усы ҳаял-қызлардың дәртин көрсетип бериў жолындағы ҳәрекет еткен «Таң нуры» труппасының халықтың көзин ашыўдағы ислеген мийнетлерин көрсетпекши болғанлығын түсинемиз. Арыўханның екинши қаҳарманлығы бул өзиниң ишки руўхый жетиклигинде көринеди. Ол тек ғана жаңа кәсипке қәдем қойып ғана қоймастан, жәмийет жүзеге келтирген қағыйдаларға да қарсы шығады ҳәм бул оннан әлбетте, үлкен күш талап етеди. Мине, усылай етип «қызыл есик» Арыўхан ушын, оның ишки жан дүньясын хәм келешекке болған бағдарын анықлаўдағы автор тәрепинен қолланылған символлық сүўретлеў болып табылады. Әбдираман басқарған «Таң нуры» труппасы да өзиниң символикалық сыпатлары менен дыққатымызды тартады. Мысалы:

…Қызыл қыя шөлде турды бир дарақ.

«Суў, суў» деп елпилдер сарғыш жапырақ.
Бурқып дәрья ағар шөл қапталынан,
Бирақ бир тамшы суў әкелмес оған.
«Суў» деп шөл тереги телмирди бултқа.
Адасқан атлыдай тепсинип булт та,
Өтти тамшы бермей шөл терегине,
Жапырақлар төгилди дөгерегине…
Қуўрар ҳалға келген сол байғус дарақ –
Бизедик, мийнеткеш ел қарақалпақ.
Ҳәзир үстимизде таң нуры жайнар,
Усы таң нурында ығбалымыз бар,
Мәрўерт шық тамшысы жайнар бул нурда.
Қуяш мың қубылып ойнар бул нурда [3.55].

«Таң нуры» бул таңның атыўын билдиреди, усы жерде жасаўшы халықтың өмиринде жаңа басқыштың басланыўы, ал нур болса – билим ҳәм мәденияттың белгиси есапланады. Таң шуғласы болса бул үмиттиң ҳәм ағартыўшылықтың белгиси. Ал, усы атама менен аталыўшы труппа көркем өнер ҳәм театрға халықтың қызығыўшылығын оятыў, соның менен бирге жәмийеттиң мәдений ҳәм руўхый раўажланыўына ҳәрекет етиўи болып есапланады. Метафоралық мәнисте таңның нуры қараңғылықты қуўыўы, ал бул жаңа көз-қараслардың келип шығыўын аңлатады. Және де «Таң нуры» мәденияттың раўажланыўы менен бирге жаңа идеалға ҳәм ашылыўларға халықтың исениўин билдиреди.

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, «Таң нуры» өзинде жаңа күнниң басланыўы, үмитти, ағартыўшылық ҳәм прогресстиң символикасы болып, ол усы аймақтағы мәдений өмирди өзгертиўге ҳәрекет етиўшилер ҳәм биринши театр труппасы ушын мүнәсип атама болып есапланады. Мысалы:

Аш қызыл есикти, бас аяқты бас,
Бахтын қарсы алыўы керек ҳәр адам.
Тартынба еркинлик алған қарындас.
Жол ашық, жол ашық, жол ашық саған [3. 4].

Буннан басқа да символикалық мәниске ийе образларды атап өтетуғын болсақ: таң, ақ отаў, даўыл, жол, жылан, ески жол, таза жол, жаңа бәҳәр, ескилик ордасы жыланның, бағ, нәл ҳәм т. б. Поэмада Арыўхан образында сол дәўирдеги ҳаял-қызлар образы ашып бериледи. Дәўир қыйыншылығы неден ибарат? Биринши гезекте ҳәр бир инсан ушын суў менен ҳаўадай зәрүр болған еркинлик жетиспеди. Шаңарақтағы ҳаял-қызлардың баҳасы мал шелли болмады. Бул пикир, бул көз-қарас, әлбетте, жәмийетте өз көринисин табады. Буның ең ен жайған көриниси бул, қыз баласы бар шаңарақта қызын байдың тоқалы етип сатып жибериў сыяқлы дәстүрлер ен жайылған. Бул дәстүрлердиң көринислери бизиң күнимизге шекем сақланып қалған. Ҳәтте поэмада сүўретленип атырған октябрь революциясының нәтийжесинде ҳаял-қызларға теңлик берилип, қалың малға тыйым салынған болса да, ҳеш қандай қарар бул дәстүрлерди тоқтата алмады десек те болады. Енди сол дәўирдеги ҳәр бир қыздың басынан кеширгенлерин автор мына қатарлар арқалы сүўретлейди: «Қызыл қапы алдында иркилдиң неге?», «Бул Жәлеке байдың ҳәўлиси емес», «Киси есиги деген тоң тезек екен». Биз жоқарыда «қызыл есик»тиң символикалық мәнисин анализге тартқанбыз. Бул жерде Жәлеке байдың ҳәўлиси дегенде, Ә.Өтеповтың «Теңин тапқан қыз» пьесасындағы бай образы, ладан Шәлеке бай ҳаялының үстине және ҳаял алмақшы

болады. Соның менен бирге киси есигине барған қыз бала, ол жерде ҳәм байдың ҳәм бәйбишениң азап ақыретлерине көнип жасаўға мәжбүр болады. Мине, усы қыйыншылықларды «тоң тезек» ке мегзетеди. Буннан биз «қызыл есик» арқалы ҳәр бир қыз баланың бой жетип турмыс қурып өзге шаңараққа араласыўын, енди жаңа турмыс басланады, ески үрп-әдетлер енди өз күшин жоғалтады, ҳаял қызлар да ер адамлар сыяқлы оқып, қәлеген кәсипте ислеп жәмийетте өз орнына ийе болады, теңлик заман болады деген мәнисте деген жуўмаққа келеди. Бул идеяны образлы былайынша образлы сүўретлейди:

Сөйтип жүргениңде таң атқан еди,
Таң атты, нурлы таң, бир әжайып таң.
«Қәпестеги бүлбүл» азатсаң деди
Ҳәм мәңги қутылдың қуллық торынан.[3.4]

Бул қатарлардағы «қәпестеги бүлбүл», «қуллық торы» сыяқлы символикалық образлар арқалы ашып береди.

Арыўханға үш мәрте файтон жиберип, оның менен сөйлеспекши болып жүрген Бегдияр болса, Арыўханның бай есигинде тоқаллықта жүрген ўақытларында ушыратқан адам болып шықты. «Өйткени таныдым ғарры сағалды», «Қысқасы бир аман қалған пазнадан, Уўлы шөп пе деп ойлайман, бул адам» деген қатарларда «ғарры сағал» ҳәм «уўлы шөп» метафоралары Бегдиярдың характерине сай қолланылған. Әбдираманның өзи де «Таң нуры» труппасын былайынша тәрийплейди: Яғный, труппаны «Алтын таң нуры» усы нурдан жапырақ жайып бағ жаралып атыр. Усы труппа ағзаларын усы бағдың туңғыш нәллери деп атайды. Бул жаңа турмыстың еккен нәллери, – деп атайды. Усы бағда көгерген гүллер – өмирдиң сәни, ал мийўасы сулыўлықтың кәни, бул бағда пискен жемисти Қарақалпақ халқы еле татып көрмеген деп метафоралық сүўретлеўлер менен тәрийплейди. Сол дәўирдеги бул өзгерислерге қарсы болғанлар дин ийелери, шала саўат моллалар болып, олардың тилинен жаңа заман қызларын кемситип, былайынша сүўретлейди:

Анаў алтақтада отырған қызлар,
Нағыз ешкилер ғой қарасаң аңлап, – деп Арыўханның әкесине тийдирип, қызыңа тәрбия бере алмағансаң десе, олардың сөзине ерген әкеси Арыўханды сахнадан сүйреп алып шығып сабайды. Қулласы, бул поэма арқалы шайыр айтпақшы болған идеясын оқыўшыларға түсиникли етип образлы жеткере алған.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан». 1988.
2. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функциональлық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ тилиниң раўажланыўы. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1973.
3. Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа да поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан». 1974.